CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #३६

१।३।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## नेपाली नागरिकके स्वदेश आब सहजिकरण करला संघिय सरकारके ई मन्त्रीसभ प्रदेश सरकारसंगे समन्वय करहल अछि

**कर्णाली प्रदेश:**
शक्ति बहादुर बस्नेत
मन्त्री, बन तथा वातावरण
०१४२११५९९/४२११५६७

**गण्डकी प्रदेश:**
पद्मा कुमारी अर्याल
मन्त्री, भूमिव्यवस्था, सहकारी तथा गरिबी निवारण मन्त्रालय
०१४२११६६६/४२११६६६

**बागमती प्रदेश:**
पार्वत गुरुङ
मन्त्री, महिला बालबालिका तथा जेष्ठ नागरिक
०१४२००२७५/४२०००८२

**सुदुरपश्चिम प्रदेश:**
बिना मगर
मन्त्री, खानेपानी
०१ ४२११२९८/४२११६९३



**प्रदेश नं. १:**
वसन्त कुमार नेम्बाङ,
मन्त्री, भौतिक पूर्वाधार तथा सामाजिक सुरक्षा
०१४२११७३२/४२११९३१

**प्रदेश नं. ५:**
वर्षमान पुन
मन्त्री, उर्जा, जलस्रोत तथा सिँचाई
०१४२११५०२/४२११५१६

**प्रदेश नं. २:**
रामेश्वर राय यादव
मन्त्री, श्रम रोजगार तथा सामाजिक सुरक्षा
०१४२००४७६/४२११७९१

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1ltgut4gpGkUZi-N5DYsejCG6W23y1TI9/view

## नेपाल अपडेट



कोरोना सँ निक भेल आदमीके एम्बुलेन्समे राखैत ।

तस्बिर: केशवराज पौडेल

**परिक्षण**

पिसिआर परिक्षण: १,३८,६८३

पोजेटिभ: ६,२११

उपचाररत: ५,१५१

मृत्यु : १९




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



लक्षण नै देखाएल कोभिड - १९ के बिमारी सँ संक्रमण नै फैलत से कहैत अछि ।

कोभिड - १९ मुख्यत: खोकी आ बुखार तथा थकान जेहन आरो लक्षण देखाएल आदमीसभ सँ बाहर निकलल श्वासप्रश्वास सँ फैलैत अछि । प्राय कोभिड - १९ सँ संक्रमितसभके शुरुवाती चरणमे हल्का लक्षणके मात्रे महसुस करैत अछि । जै आदमीके हल्का खोकी लागल छै आ बिमारी महसुस नै कनेै छै तेहन आदमीसभके सेहो भाईरस लागके सम्भावना रहैछै । किछ रिपोर्टसभमे लक्षण नै देखाएल संक्रमित सँ सेहो संक्रमण फैलत कहैत अछि लेकिन केहन अवस्थामे ई फैलेछ छै तै सम्बन्धमे अखनो पता नै लागल छै । अई विषयमे विस्तृत रुपमे विश्व स्वास्थ्य संगठन अनुसन्धान करहल अछि ।

स्रोत: https://www.who.int/emergencies/diseases/novel-coronavirus-2019/



कोनो जिलामे संक्रमितके संख्या बढ्लै त फेर लकडाउन हेतै कहादन । कतेके संख्यामे बढलापर तेहन नियम लागु हेतै स्पष्ट जानकारी नै भेल ।

एक जिल्लामे संक्रमितके संख्या ५० कोई भेलातक कोभिड - १९ के महामारी आ व्यवस्थित बन्दा बन्दीमे जनस्वास्थ्यके मापदण्ड २०७७ मे उल्लिखित सुरक्षाके उपायसभ पालना कलक पेशा व्यवसाय सञ्चालन कर कहने छै । ५१ सँ २०० कोईतक संक्रमितके संख्या भेलातक ओई मापदण्डमे उल्लिखित सुरक्षा उपायसभ अनुसरण कलक तोकल समय आ काज अवधि भितर मात्रे पेशा व्यवसाय सञ्चालन कर आ २०० कोई सँ बेसी संक्रमितके संख्या भेलामे पूर्ण बन्दाबन्दी कर कहने छै ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1-plSOtgWXVRfH5bZTmZmPxvxNQFssQMh/view



एक जिलासँ दोसर जिला प्रवेश करके लेल अनुमति लेबकालमे प्रशासन आब कोभिड - १९ के परिक्षण करयाल रिपोर्ट मागैत छै कहादन ।

कोनो भी आदमी बाहर जायलगलापर या यात्रा करलापर संक्रमणके जोखिम रहबे करै छै । लेकिन एना कहैत रहलापर परिक्षण कराईएक आब परत से बात स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयके निर्देशिकामे व्यवस्था नै कएलगेल छै । तै दुवारे निर्देशिकामे कएलगेल व्यवस्था बाहेक कोई केकरो भी परिक्षण नै कर कराब सम्बन्धित स्वास्थ्यकर्मी, स्वास्थ्य संस्था, प्रयोगशाला आ सरोकारवाला सबके मन्त्रालय आग्रह करने छै ।

स्रोत: https://www.facebook.com/watch/?v=2976767979086160



काठमाण्डौ उपत्यकामे नीजि सवारी चल देबै सेहो कहने अछि । जोर बिजोर सेहो कहने अछि । वास्तवमे के, कहिया आ केना चलाब पाओत ?

निजी दू पहियावला सवारीमे एककोई मात्रे चढ पेतै आ निजी चाईर पहियावला सवारी साधनमे चालक सहित ३ कोई चढ पायत । अईके लेल जोर बिजोर प्रणाली लागु करलगेल छै । जै अनुसार जोर गतेके दिन जोर नम्बर आ बिजोर गतेके दिन बिजोर नंबरके निजी सवारी साधन चलाब पाबके व्यवस्था कएलगेल छै । लेकिन पास लेने सवारी साधनके हकमे मुदा जोर बिजोर प्रणाली लागु नै हेतै ।

स्रोत: https://traffic.nepalpolice.gov.np/

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ ३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| देश | नेपाली | संक्रमित | नेपाली संक्रमित | मृत्यु भएका नेपाली |
|---|---|---|---|---|
| साउदी अरब | ३,३४,४५१ नेपाली | १,३२,०४८ संक्रमित | १,५०० नेपाली संक्रमित | ९ मृत्यु भएका नेपाली |
| कुवेत | ७१,१९३ नेपाली | ३६,४३१ संक्रमित | ६५० नेपाली संक्रमित | ३ मृत्यु भएक नेपाली |
| बहराईन | २६,००० नेपाली | १८,५४४ संक्रमित | ४४० नेपाली संक्रमित | ३ मृत्यु भएका नेपाली |
| कतार | ४,०६,९१७ नेपाली | ८०,८७६ संक्रमित | १०,००० नेपाली संक्रमित | ४ मृत्यु भएका नेपाली |
| युएई | २,२४,९०५ नेपाली | ४२,२९४ संक्रमित | १,६०० नेपाली संक्रमित | १९ मृत्यु भएका नेपाली |
| ओमान | १७,०५७ नेपाली | २४,५२४ | | |
| मलेसिया | ५,००,००० नेपाली | ८,४९४ संक्रमित | ८९ नेपाली संक्रमित | |
| दक्षिण कोरिया | ३८,८६२ नेपाली | १२,१२१ संक्रमित | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

सरकारद्वारा बहुतो देशमे रहल नेपाली नागरिकके स्वदेश फिर्ता कराबके काज शुरु केने अछि । कुवेतमे आम माफी पौने करिब २८०० नेपाली कामदार बाहेक आरो देशमे भेल कामदारसभके हवाई खर्च लगाएत आरो सब खर्च ओकरा अपने कर परत ।

अहि सन्दर्भमे सरकारद्वारा बहुतो देशसँ नेपालतक आबके लेल हवाई भाडादर तोकलक अछि । देलगेल भाडादर २ बेरतक समायोजन कलक निकालगेल अन्तिम भाडादर छै ।

| कामदारसभ आबवला प्रमुख देश आ तोकलगेल भाडादर | | | |
|---|---|---|---|
| मलेसिया - काठमाडण्डौ | ३७२ डलर | साउदीको जेद्दा - काठमाडण्डौ | ५९० डलर |
| कतारको दोहा - काठमाडण्डौ | ३९२ डलर | ओमान - काठमाडण्डौ | ३६८ डलर |
| दुबई - काठमाडण्डौ : | ३६० डलर | बहराइन - काठमाडण्डौ | ३९२ डलर |
| साउदीको दमाम - काठमाडण्डौ | ४३० डलर | कुवेत - काठमाडण्डौ | ४१० डलर |
| साउदीको रियाद - काठमाडण्डौ | ४६५ डलर | | |

# $ फलो द मनी – खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

**करिब १ अर्ब ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

**करिब २ अर्ब २६ करोड**

**दाता**

ए.डि.बि.
करिव ३० अर्व ३३ करोड

विश्व बैंक
करिव ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिव १५ अर्व ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्व ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

**करिब ४ अर्ब १० करोड**

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

**२ अर्ब ३४ करोड** निकासा

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.४ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## कोरोना भाईरस नियन्त्रणके लेल कएलगेल खर्च सम्बन्धी सरकारद्वारा देलगेल जानकारीमे भिन्नता




सरकारद्वारा अई सँ पहिले सार्वजनिक कएलगेल कोरोना भाईरस सम्बन्धी खर्चके विवरण आ अखन सार्वजनिक कएलगेल विवरणमे भिन्नता देखलगेल छै । अर्थ मन्त्रालयद्वारा सार्वजनिक कएलगेल जम्मा ८ अर्ब ३९ करोड खर्च भेल सार्वजनिक करैत रहलापर, अई सँ पहिले कोरोना संकट व्यवस्थापन केन्द्र (CCMC) के सचिवालय सँ जम्मा ९ अर्ब ८७ करोड खर्च केने सार्वजनिक केने छलै । जत संघिय सरकारद्वारा कएलगेल खर्च प्रधानमन्त्री कोरोना कोषमे सँ सेहो भेल भसकैत अछि । तथापी ई असम्भव जेना छै । पहिले आ अखनके विवरण देखलापर प्रदेश तह आ स्थानीय तहमे भेल खर्चमे सेहो एकरुपता नै देखाईत छै । दूनू श्रोतके तुलना करबै त, प्रदेशमे १७% आ स्थानीय तहके खर्च विवरणमे ८% फरक परल देखाईत अछि । अई सँ वास्तविक खर्च सार्वजनिक करके सवालमे सरकारके पर्याप्त तैयारी नै पुगल देखाबैत अछि । एना देखलापर सरकारद्वारा खर्च सार्वजनिक केने दूनू मितिके अन्तरमे प्रदेश सरकार आ स्थानीय सरकारद्वारा जम्मा ४४ करोड खर्च केने देखाईछ अछि जे असम्भव जेहन छै ।

# Follow the Money

## प्रदेश स्तरके कोरोना रोकथाम, नियन्त्रण तथा उपचारकोषमे भेल रकमके ताजा अवस्था




लकडाउन शुरु भेलाके ८० दिनमे एलापर कोभिड - १९ सँ संक्रमितके संख्या अनुमान करल गेल सँ बहुते सँ बढ्ल छै । अखन संक्रमितके संख्या ५३३५ आ क्वारेन्टिनमे रहिरलके संख्या बढ़ैत गेला सँ उपलब्ध क्वारेन्टिनके क्षमताके आधार मानबै त करिब ६६% भईर गेल छै । तहिना कल्क स्थानीय तहसंगे भेल सम्पूर्ण रकमके ६२% रकम खर्च भगेल छै । कर्णाली प्रदेश आ सुदुरपश्चिम प्रदेश त लगभग ८५% रकम खर्च कचुकल अछि, लेकिन ओत नयाँ संक्रमितके संख्या बढ्के क्रममे छै । आरो प्रदेशके तुलनामे ई दू प्रदेशके बेडके संख्या बढायब या संक्रमणके दरके घटायव से चुनौती छै ।

नोटः हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भल्क सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कल्क राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कल्क परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# कोभिड - १९ आ खाद्य सुरक्षा

अखनके कोरोना महामारी सँ निमन्त्रित बहुते चूनौतीमे सँ खाद्य सुरक्षा प्रमुख छै । संकटमे सबकोईके जुटाबवला प्रमुख वस्तु खाद्यान्न छै । लेकिन क्षणिक समयके लेल खाद्यान्नके जोगार केनाईके खाद्य सुरक्षा कह नै मिलत । FAO के अनुसार, "खाद्य सुरक्षाके सुनिश्चितता तखन होईत छै, जखन हरेक नागरिकके लेल भौतिक आ आर्थिक रुपमे जरुरत परल समयमे स्वस्थ्य जिवनके लेल पर्याप्त, शुद्ध आ पोषण युक्त खानाके सहज उपलब्धता होईछै ।"
एत वर्तमान सन्दर्भ आ खाद्य सुरक्षाके ४ प्रमुख आयामके चर्चा केनाई मनासिव छै ।

## १. खाद्य उपलब्धता



ई मुख्यत: आन्तरिक उत्पादन, खाद्य मौजदात आ खाद्य आयातपर निर्भर रहैछै । अध्ययन सँ नेपालके कूल भूभागके करिब २१% भूभागमे कृषि खेती भरहल देखाबैत अछि । अखनके अवस्थामे प्राय: होटेल व्यवसाय बन्द अवस्थामे रहल आ खपत कम होबके साथे आन्तरिक उत्पादन बेसी भेला सँ आम नागरिकके सहजे खाद्यान्न उपलब्ध भरहल देखाईछ अछि । अईसँ किछ हदतक खाद्यान्नके गुणस्तरियताके सेहो सुनिश्चित केने छै । खाद्य आयातमे सेहो कमी नै एला सँ पर्याप्त मौजदात रहल आँकडा उद्योग, वाणिज्य तथा आपूर्ति मन्त्रालयके अद्यावधिक मौजदात सँ देखाईत अछि । लेकिन यातायात ठप्प जेहन रहला सँ विकट ठाममे अखनो पर्याप्त खाद्यान्न पुग नै सकल अछि ।

## २. पहुँच

सरकार राहत वितरणके प्याकेज अनलक लेकिन, खाद्यान्न गुणस्तर नै छै कहि शिकायत आबि रहल छै । तैपर सँ वितरणमे सेहो भेदभाव भेलै कहि बात आईब रहल छै । ई लकडाउनके समयमे आयस्रोत नै छै । बाहरसँ रेमिट्यान्स अबै नै छै । विदेश सँ आएल युवासभ क्वारेन्टिनमे बैसल अछि ।अई सँ आदमीके क्रय शक्ति सेहो घटल अछि । किनक खाय सकके क्षमतामे कमी एलाके बाद खाद्य उपलब्धता भेलाके बादो किनक खाय सकके अवस्था नै छै ।



## ३. उपयोग



खाद्यान्नके उपभोग करैतकाल खाद्य सचेतना भेनाई जरुरी छै । खानाके पर्याप्त उपलब्धता होईतो यदि उ गुणस्तरीय नै भेल त ऊ अर्थहिन होईछै । गुणस्तर आ सुरक्षा ओतबे अपरिहार्य छै । लेकिन अखनके मुद्दा कहबै त आदमीके दू छाक खाना खाय पाब परत । तेकर सुनिश्चितता कर सरकारद्वारा राहतके लेल खायवला सामान त देलक लेकिन गुणस्तर नै भेलै । लेकिन, अखनके कोरोना महामारीसँ आम आदमीमे स्वस्फुर्त स्वास्थ्य सचेतना आएल छै । हात धोब परत, साफ खाय परत वला बात संस्कारके रुपमे विकसित भरहल अछि ।

## ४. स्थिरता

अखनके स्वास्थ्य संकट संगे आबवला सम्भावित खाद्य संकटके समयमे खाद्य सुरक्षाके सुनिश्चितता कर आर्थिक, राजनीतिक आ वातावरणिय कारणसँ आपुर्तिमे असर परके नै चाही ।



## निष्कर्ष

अखने सरकार खाद्य सुरक्षाके सम्बन्धमे पर्याप्त ध्यान नै देलक त, भविष्यमे कुपोषण होबके सम्भावना प्रबल छै । लकडाउन दू तीन महिना आरो बढ्त त उत्पादनमे कमी एतै । अई सँ नेपालके स्वास्थ्य क्षेत्रमे बड्का असर पारतै । कुपोषण भेनाइ कहके मतलब देशके बड्का सकृय जनशक्तिमे ह्रास एनाई छै ।

सही
सूचना

# प्रदेश स्तरमे अखनके कोभिड - १९ संक्रमितके अवस्था

## नेपालमे कोभिड - १९ सँ संक्रमितके प्रादेशिक अवस्था




उपरका ग्राफसँ अलग अलग प्रदेशमे कोभिड - १९ संक्रमितके संख्या देखावैत छै । समग्रमे प्रदेश नं. २ आ प्रदेश नं. ५ के संक्रमितके संख्या जम्मा संख्याके ६४% छै । संक्रमित होबके अनुपातमे निक होबवलाके संख्या प्रदेश नं. १ मे सब सँ बेसी आ कर्णाली प्रदेशमे सब सँ कम छै । कोभिड - १९ के कारण मृत्यु होबवलाके संख्या सब सँ बेसी प्रदेश नं. ५ मे छै । ई तथ्यांकसभ सरकारद्वारा लकडाउनके ढिला करके आधारके रुपमे लल सकैत छी ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219